ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ГАЗЕТ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№15 (21.423) ● 2009 гъэм щІышылэм (январым) и 28, бэрэжьей ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Президентым телефонкІэ епсэлъахэр

Къэбэрдей-Балькъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен сыхьэтрэ ныкъуэкІэ телефонкІэ жэуап яритащ КЪБР-м и цыхуэхэм я упщІэхэм.

«КОМСОМОЛЬСКАЯ правда» газетым къыдэригъэпэща «линие занщІэм» цІыхуэхэм гулыитэшхуэ хуащІащ - телефоныр зы секунди увыІакъым. Куэдыр пэщІыт къэпсалъэхэм псэупІэ Іэуэхуэр нэхъыбэу къаІэтыну. Апхуэдэуи къыщІэкІащ: Къинэмышъауэ, Президентым кърата упщІэхэр теухуат псэупІэ-коммунальнэ Іуэхугъэбзэхэм я уасэхэмкІэ яІэ льготэхэр ахъшэм зэрытращІыхьым, Президентым я Іуэхур зэгупсысыпхъэу къыІытащ икІи абы и лъэныкъуэкІэ зыхуэфащэ министрхэм пщэрыльэ ящищІыну кІигъэгугъащ.

Прохладнэ щыщ Ивановэ Раисэ льэІуащ Новопокровскэ кІуэ лъэмыжьр зэрагъэпэщыжыну. Къанокъуэ Арсен кІигъэгугъащ а Іуэхур мыгувэу зэфІагъэкІыну.

Налшык щыщ Татьянэ щІэупщІащ балигъ мыхъуахэм папщІэ республикэм комендант сыхэт щагъэувыну жыхуаІэр пэжрэ щІырэ. Апхуэдэ хабзэ УФ-м и щыналъэ куэдым къащтащ. КЪБР-м и Президентым къэзыгъэ апхуэдэ хабзэ Къэбэрдей-Балькъэрым щыгъэувыпхъэу.

«Анэ щыхъ» медалыр сыт щІаІэрымыхьар? Апхуэдэ упщІкІэ Къанокъуэ Арсен зыхуаГъэзащ бын куэд зыпІанэ зыбжанэм. Президентым къагурегъаІуащ муниципалитетым зыхуагъэзэн зэрыхуейр - район администрацэхэрщ КЪБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм апхуэдэ тхыльхэр езыгъэхьыр.

Телефонкі эр псэльъахэр хуейт Къанокъуэ Арсен и псэукІэр зыхуэдэр зрагъэщІэнуи. Сыт ишхыр, дэзыхъэхыр? Дауэ зигъэпсэхуэр? КЪБР-м и Президентым жиІащ ерыскъыр зэмылІэужьыгъуэмэ нэхъ къыздрищтэр, крахмал зыхэлъхэр зэримышхыр. Президентым гулытэ хуещІ и Іэпкьлъэпкъыр жану щытыным: маХуэ къэскІэ кьелъыхь, апхуэдэуи и мурадщ нэхъапэм дэзыхъэхуу щыта хатхаи́ойгэм зритыжыну. Зорызигъэпсэху щыкІэм и гугъу щищІым, Къанокъуэ Арсен жиІащ апхуэдэ зэман нужь иІыхущІым къыздрыхуиныхуар.

Республикэм и Іэтащхьэм сыхьэтрэ ныкъуэм къриубыдэу упщІэ 38-м жэуап яритащ. Апхуэдизэ дыдэ кьэнати, ахэр секретарым итхри, КЪБР-м и Президентым яритащ. Къанокъуэ Арсен сыхьэтгъащ зы упщІи гулытэншэу кІимыгъэнэну.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуэщ1анІэ.

Президентым а Іуэхур зэгупсысыпхъэу къыІытащ икІи абы и лъэныкъуэкІэ зыхуэфащэ министрхэм пщэрыльэ ящищІыну кІигъэгугъащ.

Прохладнэ щыщ Ивановэ Раисэ льэІуащ Новопокровскэ кІуэ лъэмыжьр зэрагъэпэщыжыну. Къанокъуэ Арсен кІигъэгугъащ а Іуэхур мыгувэу зэфІагъэкІыну.

Налшык щыщ Татьянэ щІэупщІащ балигъ мыхъуахэм папщІэ республикэм комендант сыхэт щагъэувыну жыхуаІэр пэжрэ щІырэ. Апхуэдэ хабзэ УФ-м и щыналъэ куэдым къащтащ. КЪБР-м и Президентым къэзыгъэ апхуэдэ хабзэ Къэбэрдей-Балькъэрым щыгъэувыпхъэу.

«Анэ щыхъ» медалыр сыт щІаІэрымыхьар? Апхуэдэ упщІкІэ Къанокъуэ Арсен зыхуаГъэзащ бын куэд зыпІанэ зыбжанэм. Президентым къагурегъаІуащ муниципалитетым зыхуагъэзэн зэрыхуейр - район администрацэхэрщ КЪБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм апхуэдэ тхыльхэр езыгъэхьыр.

Телефонкі эр псэльъахэр хуейт Къанокъуэ Арсен и псэукІэр зыхуэдэр зрагъэщІэнуи. Сыт ишхыр, дэзыхъэхыр? Дауэ зигъэпсэхуэр? КЪБР-м и Президентым жиІащ ерыскъыр зэмылІэужьыгъуэмэ нэхъ къыздрищтэр, крахмал зыхэлъхэр зэримышхыр. Президентым гулытэ хуещІ и Іэпкьлъэпкъыр жану щытыным: маХуэ къэскІэ кьелъыхь, апхуэдэуи и мурадщ нэхъапэм дэзыхъэхуу щыта хатхаи́ойгэм зритыжыну. Зорызигъэпсэху щыкІэм и гугъу щищІым, Къанокъуэ Арсен жиІащ апхуэдэ зэман нужь иІыхущІым къыздрыхуиныхуар.

Республикэм и Іэтащхьэм сыхьэтрэ ныкъуэм къриубыдэу упщІэ 38-м жэуап яритащ. Апхуэдизэ дыдэ кьэнати, ахэр секретарым итхри, КЪБР-м и Президентым яритащ. Къанокъуэ Арсен сыхьэтгъащ зы упщІи гулытэншэу кІимыгъэнэну.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуэщ1анІэ.

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

ЛэжьапІэншэхэр нэхъ мащІэ мэхъу

КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІущІэм депутатхэр «Правительствэ сыхьэтым» щедэІуащ «Урысей Федерацэм и цІыхуэхэр ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщыным и Іуэхукі» Федеральнэ законыр гъэзэщІа зэрыхьуи икІи экономикэр зыхэхуа гугъуехьхэм къыхэкІыу цІыхуэ куэд лэжьапІэншэ мыхъуи папщІэ КЪБР-м и Правительствэм зэфІигъэкІэм.

А IУэХУМ теухуауэ къыщыпсалъэм, КЪБР-м ЦІыхуэхэр ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщыныжкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** жиІащ 2008 гъэм ІэнатІэхэмкІэ Іуэхущ1апІэм лэжьапІэ къыхуагъэутыну ІыпІуэу цІыху мин 62,4-рэ къызэрекІуэлІар. Ар процент 11,4-кІэ е цІыху мини 8-кІэ нэхъ мащІэщ 2007 гъэм елъытауэ. Абыхэм ящыщу цІыху мин 53-р лэжьапІэншэу къалъытащ.

Іуэхущ1апІэм щатха лэжьапІэншэхэм я бжыгъэр 2008 гъэм цІыху мини 6,3-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ, ипэ ита ильэсым елъытауэ. Республикэм щатха лэжьапІэншэхэм я бжыгъэр 2008 гъэм и щІыпІэм къыщыщІэдзауэ дыгъэгъазэр кэсхыу процент 1,8-кІэ ехуэхащ икІи ар лэжьэфыну псоми я процентэ 5,5-рэ хъуащ.

2008 гъэм ІэнатІэ къыхуагъэуцащ цІыху мин 15-м нэблагъэм, абыхэм ящыщу цІыху мини 2,2-р Іэщ1агъэм хурагъэджа иужькІэ. 2007 гъэм елъытауэ жылагъуэ лэжьыгъэ езыхьэкІэр процент 20-кІэ хэхъуащ икІи абыхэм я бжыгъэр цІыху 4259-рэ хъуащ.

Апхуэдэу щыт пэтми, лэжьакІуэ я къэрр республикэм къобэкІ. 2008 гъэм и кІэуэ-хым зы лэжьапІэ ІэнатІэм цІыхуэ 8 хущІэкъурт. Къуажэхэм, псом хэмыдэу щІагъэгъэщІэн, лэжьапІэхэмрэ, лэжьапІэншагъэр иджыри Іуэхушхуэу щыщытщ.

Къэпсалъэм къыхигъэщ-хьэхуІащ лэжьапІэ зыфІэкІуэдахэм я бжыгъ

2009 гъэм гъатхэпэм и 1-м

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хахынущ

Хэхыныгъэмкlэ хуитныныгъэхэм, хэхыныгъэ Iуэхухэм ятеухуа лжьыгъэ нэхыбфIэхэр кыых эхынымкlэ Урысей Федерацэм и еджапlэ нэхыщIхьэхэм (юридическэ вузхэмрэ факультетхэмрэ, правовой кафедрэхэм) я студентхэмрэ аспирантхэмрэ я зэпеуэу 2008-2009 гъэ еджэгъуэм ирагъэкlуэкlым и республикэ Iыхьэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2009 гъэм щыпшылэм и 22-м Налшык къалэ №40/2-9

«Хэхыныгъэмкlэ хуитныныгъэхэм, хэхыныгъэ Iуэхухэм ятеухуа лжьыгъэ нэхыбфIэхэр кыых эхынымкlэ Урысей Федерацэм и еджапlэ нэхыщIхьэхэм (юридическэ вузхэмрэ факультетхэмрэ, правовой кафедрэхэм) я студентхэмрэ аспирантхэмрэ я зэпеуэм и республикэ Iыхьэр 2008 - 2009 гъэ еджэгъуэм егъэкIуэкIыным теухуауэ» Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхыщIхьэм 2008 гъэм жэпуэгъуэм и 2-м кыдыгъэкIа Унафэ №133/975-5-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ еш!:**

1. Хэхыныгъэмкlэ хуитныныгъэхэм, хэхыныгъэ Iуэхухэм ятеухуа лжьыгъэ нэхыбфIэхэр кыых эхынымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и еджапlэ нэхыщIхьэхэм (юридическэ вузхэмрэ факультетхэмрэ, правовой кафедрэхэм) я студентхэмрэ аспирантхэмрэ я зэпеуэм и республикэ Iыхьэр 2008 - 2009 гъэ еджэгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и еджапlэ нэхыщIхьэхэм ящIыгъуу егъэкIуэкIын.

2. Хэхыныгъэхэмкlэ хуитныныгъэхэм, хэхыныгъэ Iуэхухэм ятеухуа лжьыгъэ нэхыбфIэхэр кыых эхынымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и еджапlэ нэхыщIхьэхэм (юридическэ вузхэмрэ факультетхэмрэ, правовой кафедрэхэм) я студентхэмрэ аспирантхэмрэ я зэпеуэм и республикэ Iыхьэр 2008 - 2009 гъэ еджэгъуэм егъэкIуэкIынымкlэ республикэ комиссэм хэтхэр къэштэн, мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и еджапlэ нэхыщIхьэхэм яхуэгъэзэныр кыых аха лжьыгъэм хэпльэн икIи кьыпщыгъэ папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и республикэ комиссэм 2009 гъэм гъатхэпэм и 1-м нэсыху хуагъэхьыну.

4. Мы Унафэр цIыхубз хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм кьытедэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщl ТУПИКИН Андрей
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириндо

«Захуагъэ здэщыIэ Урысей: Хэку/Пенсионерхэр/ГъащIэ» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ и ЩIыналъэ кудамэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьар икIи щIыху 18 иту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м кьыдигъэкIа Унафэ №37/17-4-мкIэ итхар, апхуэдэу кандидатхэм я спискэр егъэтхьыным пыщIа документхэр ящIэрэ кандидатхэм я спискэр кьыз эрагъэлъагъуэ хабзэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхыным и Iуэхуки I» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 28, 29, 32 статьяхэм.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и депутатхэр хэхыным и Iуэхуки I» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 32, 34 статьяхэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ еш!:**

1. «Захуагъэ здэщыIэ Урысей: Хэку/Пенсионерхэр/ГъащIэ» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ и ЩIыналъэ кудамэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм я кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьар, щIыху 18 зэрытыр, тхын 2009 гъэ щышылэм и 23-м сыхьэт 17-рэ дакьикъэ 15-м.

2. Кандидату ятхахэм етын ягъэува теплъэм хуэдэ зиIэ удостоверенэхэр.

3. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм яхуеГъэхьын.

4. Мы Унафэр, «Захуагъэ здэщыIэ Урысей: Хэку/Пенсионерхэр/ГъащIэ» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ и ЩIыналъэ кудамэм кандидатхэм я спискэу иригъэтхар, абы щIыгъу адрей Iуэхухэр цIыхубз хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм кьытедэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщl ТУПИКИН Андрей
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АГМУРЗАЕВЭ Ириндо

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатыр «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэгъэкIыжыным и Iуэхуки I

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2009 гъэм щыпшылэм и 23-м Налшык къалэ №41/3-3

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхыным и Iуэхуки I» 2008 гъэм щышылэIуэм и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 39 статьям и Iыхьэ 1-м тету икIи «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кудамэм кандидатхэм я спискэу кьыгъэлъэгъуам, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ Комиссэм 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м кьыдигъэкIа Унафэ №37/17-1-мкIэ итхам Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидату ит Озбек Б.Е. езым кьита лъэIум ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ еш!:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм я кандидатхэм я спискэу «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кудамэм кьитам хэгъэкIыжын Озбек Бор Едыдж.

2. Мы Унафэр цIыхубз хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм кьытедэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщl ТУПИКИН Андрей
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АГМУРЗАЕВЭ Ириндо

Кандидатхэм я спискэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2009 гъэм щIыпшылэм и 22-м итхар (унафэ №40/2-1)

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатхэм я спискэу «Урысей и Либерал-демократие парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кудамэм

къигъэлъэгъуар

1. Гриневич Валерий Владислав и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1963 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м, къыщалъхуа щIыпIэр - КъБР, Налшык къалэ, щыпсэу щыпIэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Прохладнэ къалэ, и щIэныгъэр - профессионально щIэныгъэ нэхыщIхьэ иIэщ, и лжьанIэ е кьулыкъущIапIэ нэхыщIхьэр, ящIыгъ кьулыкъур, зэлъжь Iуэхур - «Къббалькъэнсресурсхэр» къэралI Iуэхущ IапIэм и участкэм и унафэщIщ, Прохладнэ къалэ округым и щIыпIэ самоуправленэм и Советым и депутатщ, ЛДПР-м хэтщ, ЛДПР-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кудамэм и координаторщ.

2. Щауэ Юрий Iэхьед и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1957 гъэм фокIадэм и 13-м, къыщалъхуа щIыпIэр - КъБР, Бахъсэн район, Бахъсэн къалэ, щыпсэу щыпIэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Бахъсэн къалэ, и щIэныгъэр - профессионально щIэныгъэ нэхыщIхьэ иIэщ, и лжьанIэ е кьулыкъущIапIэ нэхыщIхьэр, ящIыгъ кьулыкъур, зэлъжь Iуэхур - «Бахъсэн ДРСУ» ОАО, генеральнэ директорщ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатщ.

3. Гемуев Калет Юсуф и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1957 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-м, къыщалъхуа щIыпIэр - Кыргызыз Республикэ, Ош область, Кызыл-Кия къалэ, щыпсэу щыпIэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, и щIэныгъэр - профессионально щIэныгъэ нэхыщIхьэ иIэщ, и лжьанIэ е кьулыкъущIапIэ нэхыщIхьэр, ящIыгъ кьулыкъур, зэлъжь Iуэхур - «Ай Би Си Промстрой» трест ООО, управляющиц, ЛДПР-м хэтщ, ЛДПР-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кудамэм и координаторым и кьуэдзэнщ.

5. Къэрэгъуй бесльан Хьэрэмзий и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1960 гъэм гъатхэпэм и 20-м, къыщалъхуа щIыпIэр - КъБР, Аруан район, Аргудан къуажэ, щыпсэу щыпIэр -Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Лэскэн район, Аргудан къуажэ, и щIэныгъэр - щIэныгъэ нэхыщIхьэ иIэщ, и лжьанIэ е кьулыкъущIапIэ нэхыщIхьэр, ящIыгъ кьулыкъур, зэлъжь Iуэхур - «Майскэ пивэ завод» ООО, генеральнэ директорщ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатщ.

6. Войтовэ Татьянэ Виктор и пхъур, къыщалъхуа зэманыр - 1971 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м, къыщалъхуа щIыпIэр - Къзэхьстан, Караганда къалэ, щыпсэу щыпIэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, и щIэныгъэр - профессионально щIэныгъэ нэхыщIхьэ иIэщ, и лжьанIэ е кьулыкъущIапIэ нэхыщIхьэр, ящIыгъ кьулыкъур, зэлъжь Iуэхур - «АТТИК» компание ООО, инженер-конструкторщ, ЛДПР-м хэтщ.

7. Тутыкъу Анзор Мырзэбэч и къуэр, къыщалъхуа зэманыр -1969 гъэм мазаем и 6-м, къыщалъхуа щIыпIэр - КъБР, Налшык къалэ, щыпсэу щIыпIэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, и щIэныгъэр - профессионально щIэныгъэ нэхыщIхьэ иIэщ, и лжьанIэ е кьулыкъущIапIэ нэхыщIхьэр, ящIыгъ кьулыкъур, зэлъжь Iуэхур - «ЖилКапИнвест» ООО, генеральнэ директорщ, ЛДПР-м хэтщ.

8. Настаев Алисолтан Магомед и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1954 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м, къыщалъхуа щIыпIэр - Кыргызыз Республикэ, Ош область, Кызыл-Кия къалэ, щыпсэу щыпIэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Iуащхьэмахуэ район, Тырныауз къалэ, и щIэныгъэ -профессионально щIэныгъэ нэхыщIхьэ иIэщ, и лжьанIэ е кьулыкъущIапIэ нэхыщIхьэр, ящIыгъ кьулыкъур, зэлъжь Iуэхур - «АССО» фирмэ ООО, директорщ.

9. ДыщэкI Мурат Георгий и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1968 гъэм щышылэм и 1-м, къыщалъхуа щIыпIэр - КъБР, Налшык къалэ, щыпсэу щыпIэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, и щIэныгъэр - профессионально щIэныгъэ нэхыщIхьэ иIэщ, и лжьанIэ е кьулыкъущIапIэ нэхыщIхьэр, ящIыгъ кьулыкъур, зэлъжь Iуэхур - «Къалэ хуабэ» ООО, директорщ, ЛДПР-м хэтщ.

10. Туменов МутIалиб Владимир и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1960 гъэм щышылэм и 19-м, къыщалъхуа щIыпIэр - КъБР, Шэрдж район, Къущхьэтау къуажэ, щыпсэу щыпIэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Хьэсэней къуажэ, и щIэныгъэр - профессионально щIэныгъэ нэхыщIхьэ иIэщ, и лжьанIэ е кьулыкъущIапIэ нэхыщIхьэр, ящIыгъ кьулыкъур, зэлъжь Iуэхур - «Москва и Индустриальэ Банк» ОАО, кьудамэм и унафэщIщ, ЛДПР-м хэтщ.

11. Гриневич Наталье Александр и пхъур, къыщалъхуа зэманыр - 1976 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м, къыщалъхуа щIыпIэр - КъБР, Налшык къалэ, щыпсэу щыпIэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Прохладнэ къалэ, и щIэныгъэр - профессионально курыт щIэныгъэ иIэщ, и лжьанIэ е кьулыкъущIапIэ нэхыщIхьэр, ящIыгъ кьулыкъур, зэлъжь Iуэхур - «НАОС+» ООО, кадрэхэмкI отделым и унафэщIщ, ЛДПР-м хэтщ, ЛДПР-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кудамэм и секретарщ.

12. Амщыкъуэ Мухьэмэд Ахьмэд и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1965 гъэм мэкъуауэгъуэм и 4-м, къыщалъхуа щIыпIэр - КъБР, Налшык къалэ, щыпсэу щыпIэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Есэнтыгъуэрам, унэ №11, и щIэныгъэр - профессионально щIэныгъэ нэхыщIхьэ иIэщ, и лжьанIэ е кьулыкъущIапIэ нэхыщIхьэр, ящIыгъ кьулыкъур, зэлъжь Iуэхур - «ЮТК» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущ IапIэ, Налшык къалэм и автотранспорт участкэм и механикщ, ЛДПР-м хэтщ, ЛДПР-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кудамэм и Налшык къалэ кудамэм и координаторщ.

13. Барабаноев Константин Василий и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1953 гъэм накьыгъэм и 28-м, къыщалъхуа щIыпIэр - Иркутск область, Черемховэ къалэ, щыпсэу щыпIэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Прохладнэ къалэ, и щIэныгъэр - профессионально щIэныгъэ нэхыщIхьэ иIэщ, и лжьанIэ е кьулыкъущIапIэ нэхыщIхьэр, ящIыгъ кьулыкъур, зэлъжь Iуэхур - «Глюко» ООО, директорщ, ЛДПР-м хэтщ.

14. Гындыгъу Иброхьим Ануар и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1969 гъэм мазаем и 26-м, къыщалъхуа щIыпIэр - КъБР, Прохладнэ район, Альтуд къуажэ, щыпсэу щыпIэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Прохладнэ район, Альтуд къуажэ, и щIэныгъэр - профессионально щIэныгъэ нэхыщIхьэ иIэщ, и лжьанIэ е кьулыкъущIапIэ нэхыщIхьэр, ящIыгъ кьулыкъур, зэлъжь Iуэхур - «ЮНИК» ООО, директорщ, ЛДПР-м хэтщ.

15. Бурда Эдуард Владимир и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1969 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м, къыщалъхуа щIыпIэр - КъБР, Майскэ къалэ, щыпсэу щыпIэр -Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Майскэ къалэ, и щIэныгъэр - профессионально щIэныгъэ нэхыщIхьэ иIэщ, и лжьанIэ е кьулыкъущIапIэ нэхыщIхьэр, ящIыгъ кьулыкъур, зэлъжь Iуэхур - пенсионерщ, ныкъуэдыкъуэщ, ЛДПР-м хэтщ.

16. Соловьев Владимир Николай и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1977 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м, къыщалъхуа щIыпIэр - КъБР, Аруан район, Нартквадэ къалэ, щыпсэу щыпIэр -Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Аруан районым, Нартквадэ къалэ, и щIэныгъэр - нэмыIъэса профессионально щIэныгъэ нэхыщIхьэ иIэщ, и лжьанIэ е кьулыкъущIапIэ нэхыщIхьэр, ящIыгъ кьулыкъур, зэлъжь Iуэхур - «Кавказ Ищхьэрэ гъущ гъуэгум и Прохладнэ гъуэгу Iыхьэр, бригадирщ, ЛДПР-м хэтщ.

17. Бейгуленко Сергей Николай и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1964 гъэм фокIадэм и 2-м, къыщалъхуа щIыпIэр - КъБР, Тырныауз къалэ, щыпсэу щыпIэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Iуащхьэмахуэ район, Тырныауз къалэ, и щIэныгъэр - курыт профессионально щIэныгъэ иIэщ, и лжьанIэ е кьулыкъущIапIэ нэхыщIхьэр, ящIыгъ кьулыкъур, зэлъжь Iуэхур - Тырныауз къалэм дэт «Гимназие №5» муниципальнэ Iуэхущ IапIэ, егъэджакIуэщ, ЛДПР-м хэтщ, ЛДПР-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кудамэм и Iуащхьэмахуэ район кьудамэм и координаторщ.

18. Тогузаев Iэмин Кемал и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1961 гъэм дыгъэгъазэм и 9-м, къыщалъхуа щIыпIэр - КъБР, Шэрдж район, Бабугент кьуажэ, щыпсэу щыпIэр -Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, и щIэныгъэр - профессионально щIэныгъэ нэхыщIхьэ иIэщ, и лжьанIэ е кьулыкъущIапIэ нэхыщIхьэр, ящIыгъ кьулыкъур, зэлъжь Iуэхур - щIалъэкIэ лажьэркъым, ЛДПР-м хэтщ, ЛДПР-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кудамэм и Шэрдж район кьудамэм и координаторщ.

19. Зокьей Альберт Хьэзрэйил и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1963 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м, къыщалъхуа щIыпIэр - КъБР, Налшык къалэ, щыпсэу щыпIэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Аруан район, Аруан къуажэ, и щIэныгъэр - профессионально щIэныгъэ нэхыщIхьэ иIэщ, и лжьанIэ е кьулыкъущIапIэ нэхыщIхьэр, ящIыгъ кьулыкъур, зэлъжь Iуэхур - щIалъэкIэ лажьэркъым, ЛДПР-м хэтщ, ЛДПР-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кудамэм и Шэрдж район кьудамэм и координаторщ.

20. Ульбашевэ Татьянэ Виктор и пхъур, къыщалъхуа зэманыр - 1972 гъэм щыщхьэIуэм и 5-м, къыщалъхуа щIыпIэр - Налшык къалэ, щыпсэу щыпIэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, и щIэныгъэр - профессионально щIэныгъэ нэхыщIхьэ иIэщ, и лжьанIэ е кьулыкъущIапIэ нэхыщIхьэр, ящIыгъ кьулыкъур, зэлъжь Iуэхур - «Сириус К» компание ООО, гаражым и унафэщIщ, ЛДПР-м хэтщ.

22. Брановец Александр Евгений и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1970 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м, къыщалъхуа щIыпIэр - Магадан область, Ольскэ район, Армань поселкэ, щыпсэу щыпIэр -Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Прохладнэ къалэ, и щIэныгъэр - профессионально курыт щIэныгъэ иIэщ, и лжьанIэ е кьулыкъущIапIэ нэхыщIхьэ, ящIыгъ кьулыкъур, зэлъжь Iуэхур - «Прохладнэ» банк ООО, шоферщ, ЛДПР-м хэтщ, ЛДПР-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кудамэм и Прохладнэ район кьудамэм и координаторщ.

23. Поддубняк Сергей Сергей и къуэр, къыщалъхуа зэманыр - 1984 гъэм щышылэм и 2-м, къыщалъхуа щIыпIэр - Приморскэ край, Октябрьскэ район, Ильичевкэ къуажэ, щыпсэу щыпIэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Майскэ къалэ, и щIэныгъэр - нэмыIъэса профессионально щIэныгъэ нэхыщIхьэ иIэщ, и лжьанIэ е кьулыкъущIапIэ нэхыщIхьэр, ящIыгъ кьулыкъур, зэлъжь Iуэхур - Кавказ Ищхьэрэ гъущ гъуэгум и Прохладнэ гъуэгу Iыхьэр, бригадирщ, ЛДПР-м хэтщ.

«Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кудамэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьар тхыным и Iуэхуки I

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2009 гъэм щыпшылэм и 23-м Налшык къалэ №41/3-4

Кандидатхэм я спискэр кьыщитым «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кудамэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхыным и Iуэхуки I» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м кьыдигъэкIа Унафэ №37/17-1-мкIэ итхар, апхуэдэу кандидатхэм я спискэр егъэтхьыным пыщIа документхэр ящIэрэ кандидатхэм я спискэр кьыз эрагъэлъагъуэ хабзэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхыным и Iуэхуки I» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 28, 29, 32 статьяхэм.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и депутатхэр хэхыным и Iуэхуки I» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 32, 34 статьяхэм япкъ иткIэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщl ТУПИКИН Андрей и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АГМУРЗАЕВЭ Ириндо и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ 2009 гъэм щышылэм и 23-м кьыдигъэкIа Унафэ №37/17-1-мкIэ итхам Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатыр (хэр) «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэгъэкIыжыным и Iуэхуки I» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м №38/18-1-м щIэту, 2009 гъэм щышылэм и 22-м №40/2-2-м, №40/2-3-м щIэту, 2009 гъэм щышылэм и 23-м №41/3-3-м щIэту кьишта унафэхэр кьэльытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ еш!:**

1. «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кудамэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм я кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьар, щIыху 115-рэ зэрытыр, тхын 2009 гъэм щышылэм и 23-м сыхьэт 17-рэ дакьикъэ 36-м.

2. Кандидату ятхахэм етын ягъэува теплъэм хуэдэ зиIэ удостоверенэхэр.

3. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм яхуеГъэхьын.

4. МыУнафэр, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьар, щIыху 115-рэ зэрытыр, тхын 2009 гъэм щышылэм и 23-м сыхьэт 17-рэ дакьикъэ 36-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщl ТУПИКИН Андрей
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АГМУРЗАЕВЭ Ириндо

● Хъыбар гуапэ

УнафэщI гумызагъэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Зи нэм сэкъат иIэ ныбжьыщIэхэм папщIэ Налшык къалэ дэт сабий гъэсапIэ №40-м и унафэщI Хэкъуэн Нинэ Урысейм и лъэпкъхэм я ассамблеем, Лъэпкъ Артийскэ комитетым, УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ, Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ и министерствэхэм, Урысейм и творческэ союзхэм къабгъэдэкI дыщэ медаль иджыблагъэ кьратащ икIи «2008 гъэм и лауреат» цIэ лъапIэрэ кьыфIащащ. «Егъэджэныгъэ» номинацэм хиубыдэу.

АПХУЭДЭ пщIэр Нинэ кьыхуэзыхьащ, дауи, и Iэнатlэм псэхьэлэту зэрыпэрытыщ, зи унафэщI гъэсапIэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуэй хуэгъэзэным зэрегулэрыщ, абы кьеблагъэ Iуэ щIыкIуэ и гур яхуэзгъэхуэу зэрахэтыщ.

Нинэ Ростов къалэ педагогическэ дэт университетыр кьиухри, сабий гъэсапIэм лжьэн щыщIидзат. Илъэс 30 лъандэрэ зыпэрыт Iэнатlэм къалэн кьыщищIыр ныбжьыщIэхэр еджэным хуэгъэзэгъырыным и закъуэкIым, атIэ абыхъэм я узынщагъэр зэфIэгъуэжьынри я пщэ кьыдохуэ. ЗорыжьатIащи, гъэсапIэ №40-м кьеКIуалIэ цIыкIуэр зи нэм фIыуэ имыльагъуэкIэ сыт и лъэныкъуэкIи кьызэгъэпщащ гъэсапIэр.

Мы сабий гъэсапIэр куэд щIауэ долажьэ Налшык къалэм дэт 1-нэ поликлиникэм, аращ абы и дохутырхэр кьыздикIри. Нэхэм еIэзэхэм нэмыщI, абы щыIэщ логопед, психотерапевт, нэгъуэщI Iэщ IагъэпIэхэри.

- Сабийхэм я узынщагъэм кIэлъыплъ дохутырхэм мэщIи, ди Iуэхущ IапIэм щылажьэ гъэсакIуэхэр псэемыблэж защIэщ, - жеIэ Нинэ. - Дэтхэнэ сабийми бгъэдыхьэкIэ зырыз кьызыуэзыгъуэтыф, цIыкIуэхм яхуэгумащIэ ди Iэужьакъуэхэм я къалэныр ящIэрэ зэрыгъэгъэщIэ. Ар къегъэльагъуэ адэ-анэхэр кьызэрыпхуэзэрэзым, ди лэжьыгъэр республикэм кьызэрыщащIыпхьэм.

Мы сабий гъэсапIэр программэ хэхам тету мэлажьэ. ЦIыкIуэхм я акъылым, къуэхым зегъэужьыным кьыдэкIуэу, зи нэм сэкъат иIэхэм зэрелъэз Iэмалхэр зыхуэхуэна а программэм кьигъэуви псори зэрагъэзэщIэным иужь итщ унафэщIри абы и нэIэм щIэту лажьэхэри. Псалъэм папщIэ, нэхъыжь цIыкIуэхри нэхъыщIэхэри дехьэх гъэсапIэм кьыщыззрагъэпэща тетар студием. ГъэсакIуэхэр я дэIэпыкъуэгъуэ, нэхъыжь гулым хэт ныбжьыщIэхэм ягъэхьэзыра теплъэгъуэхэр нэхъыщIэ цIыкIуэхэм ирагъэпльагъу. Ар хабзэфI яхуэхуащ, студием екIуэлIэну я нэ къокI дэтхэнэ зыми. Абыхэм кьакIэрыхуркъым кьэфну хуейхэм я бжыгъэри. Сабийхэр кьафэм хэзыгъэгъуэзэ гъэсакIуэ яIащ, цIыкIуэхм яфIэфI дыдэщ ар кьаэзрыдэлажьэр.

Зи гугъу тщIы Iуэхущ IапIэм «КъБР-м 1998 гъэм и гъэсапIэ нэхъыфI» цIэ лъапIэр кьыфIащауэ щытащ. А псори, щэч хэмылъу, зи фIыщIэр зи Iэщ IагъэпIэм ящIэ зыщIыгъуэ, зи нэм ящIыгъуэ, зи нэ къокI дэтхэнэ зыми. Абыхэм хэзыгъэгъэщIэным, ар хабзэкIэ зыщIыгъуэ, ар къыдэхуэ псомкIи кьызэгъэпэщыжьыр, адэ-анэр кьахуэзэрэзыуэ цIыкIуэхм яхэтыжьыр, абыхэм я узынщагъэр зэфIэгъэувэжьынкIэ екIуу зэтезыубгъа Хьэкъуэ Нинэ куэдым фIыцIэ хуащI. Ар зэрыхэлэлыщ, зэхэщIыкI зэпIэрщ адэ-анэм пщIэи дзыкьи кьыщIыхуащIыр.

ШЫПШ Данэхуэ.

КъБР-м и Президентым и сайтым къагъэхьа упщIэхэм я жэуапхэр

ИалъэхэмтещIыхьауэ

Си унагъэр си гъусэу сыщопсэу Кудиевым и цIэр зэзыхъэ «Горный» хьэлэм, 6 «б» унэм. Iуэхур зытещIыхьар мы хьэлэм псыр сыхьэти 6-м кьыщыщIэдзауэ 23-м нэсыху фIэкIа кьызэрымыкIэущ. ЩIэттыну пщIэр зыхуэдизыркъым Iуэхур здэщыIэр, ахъшэм тетщIыхьыркъым, ауэ зы тхьэмахуэ зэхуакум хиубыдэ махуи 7-м зы жэщ-махуэм хуэзэу сыхьэт 24-кIэ псы дыхуейщ. Кьаалэм и нэгъуэщI хьэлэхэм мыпхуэдэ гъэщIэгъуэ щыIэкъым. Абыхэм щхьэ кьакIэрыгъэ щIэтыжащ. Хуэфащэ дыпонэIэу ди гугъуехьхэм гу кьылыптэну.

ЗУБРИЧЕВ М. А., *Налшык къалэ*

Жэуап ирет Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Хьэрбаст Э. А.:

**- Зи гугъу ящI унэм псы щIыIэ, щIтыр ират «Налшыктеплоэнерго» ОАО-м и хуабэ тIыпщынIэ нэхыщIхьэм кьыхащIи. Ар зэрылажьэр сыхьэти 6-м кьыщыщIэдзауэ сыхьэт 23-м нэсыху. Iуэхур зэлыьтар «Кьыщхьэ», «ЩIхьэлыкIэ Псыф» псыкьитIэхъуанIэхэм я лъэщагъэ кьалэм ику, ищI-кьухьэнIэ хьэлэхэр кьызэгъэпэщын щхьэкIэ зэрахуримыкьурщ. Ар дгъэзэкIуэжьи папщIэ Кьыщхьэ и Iэшэлъашхэм псы кьыщIэшынIэу 8 - 10 щыдубруун хуейщ. Абы кьыдэкIуэу «Налшык» подстанцым километр 32-м бжьамийэр щIэкIэ щызэхуэкIыжьынкIэ хуейщ, апхуэдэу «Налшык» подстанцым щетэжьажу «ЩIхьэлыкIэ Пс

● ДифІ догъэлъапІэ

Елмэс Албий и зэфІэкІ

Елмэс Албий Мурадин и къуэр Бахьсэн районым ыхьэ Кьыбэрзи, ЕтІуанэ (Испэмей) къуажэм 1939 гъэм щІыщылэм и 20-м къыщалъхуащ, щеджащ, 1963 гъэм КъБКъУ-р бынуахащ. Мэкъумэш щІэныгъэхэм я докторщ, профессорщ, ипхъэ куэд хъуауэ КъБКъМА-м щрегъадж.

И къэхутэныгъэхэр щыдзэхуэхьэса щІэныгъэ дэжьыгъэу 100-м щІигъу нІэщ. Абыхэм ящыщу монографиерэ брошюрэу 10-р еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэмрэ АПК-м и дэжьакІуэжэмрэ къаугъэсэрэ.

АР БЭШЭЧЩ, псэ хьэлэлщ, вэгъэзэгъ. Нэхъыщхьэращ, щІыхь пэжу, ящІэу фІэмащІэу дунеим тетщ. Хабзэ дахэ зэрыльэпкъуэм кьызэрыхэкІар нэрылъагъу пщинщІу зэпІэзэрытщ.

Зэрытщ Іэщи, нэхъапэхэм кьуажэдэсхэм Іэщ Іагъэ щапІуэпкр мэкъумэш Іэнатіэрт. Албий и адэ Мурадин шофер, трактор бригадэм и унафэщІу илъэс куэдкІэ лэжьащ. Аращ щІалэ щыкІум щІыр фІыуэ езыгъэльэгъуар.

